

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data anu aya dina ieu panalungtikan bisa dicindekkeun jadi opat hal saperti ieu di handap.

- 1) Ieu panalungtikan dilaksanakeun ping 9 jeung 11 Januari 2012 di kelas VIII C SMPN 1 Cariu anu jumlah siswana nya éta 40 siswa. Dina pertemuan kahiji dilakukeun pratés pikeun mikanyaho kamampuh siswa saméméh ngagunakeun modél *examples non examples*. Dina pertemuan kadua dilakukeun prosés diajar-ngajar ngagunakeun modél *examples non examples* sarta dilakukeun pratés pikeun mikanyaho kamampuh siswa sanggeus ngagunakeun modél *examples non examples*.
- 2) Kamampuh nulis laporan siswa kelas VIII C SMPN 1 Cariu saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *examples non examples* nya éta:
 - a. Kamampuh nulis laporan siswa kelas VIII C SMPN 1 Cariu saméméh dilaksanakeun prosés diajar-ngajar ngagunakeun modél pangajaran *examples non examples* hasilna nya éta can nyugemakeun, lantaran masih kénéh loba siswa anu can mampuh dina nulis laporan. Tina 40 siswa, ngan aya 4 siswa anu mampuh, sedengkeun nu lianna can mampuh dina nulis laporan. Kamampuh siswa dina pratés bisa katitén skor rata-ratana nya éta 57,67.

- b. Kamampuh nulis laporan siswa kelas VIII C SMPN 1 Cariu sanggeus dilaksanakeun prosés diajar-ngajar ngagunakeun modél pangajaran *examples non examples* hasilna nya éta cukup nyugemakeun, lantaran bédha jeung saméméhna, tina 40 siswa, aya 35 urang siswa anu mampuh nulis laporan. Kamampuh siswa dina pascatés bisa katitén skor rata-ratana nya éta 68,62.
- 3) Aya bédha anu signifikan antara kamampuh siswa dina nulis laporan saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *examples non examples*, éta hal bisa katitén tina hasil uji hipotésis data pratés jeung pascatés anu nuduhkeun yén $t_{itung} > t_{tabéI}$ ($10,04 > 2,64$). Ku kituna, hipotésis ieu panalungtikan nu ngagunakeun modél pangajaran *examples non examples* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis laporan siswa kelas VIII C SMPN 1 Cariu bisa ditarima.
- 4) Réson siswa kana modél pangajaran *examples non examples* nya éta siswa cukup resep diajar nulis laporan ngagunakeun modél pangajaran *examples non examples*.

5.2 Saran

Sanggeus dilakukeun panalungtikan ngeunaan modél *examples non examples* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis laporan siswa kelas VIII C SMPN 1 Cariu Kab. Bogor, aya sababaraha hal anu ditepikeun anu mangrupa saran anu dipiharep aya mangpaatna dina prosés diajar-ngajar.

- 1) Modéł pangajaran *examples non examples* dina pangajaran nulis laporan kabuki éfektif, dipiharep ieu modéł *examples non examples* bisa jadi salahsiji alternatif nu digunakeun ku guru dina prosés diajar-ngajar pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa, hususna dina kamampuh nulis.
- 2) Panalungtikan ngeunaan modéł *examples non examples* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis laporan kabuki aya hasilna. Ku kituna, dina usaha ngaronjatkeun kamampuh siswa, dipiharep ieu modéł pangajaran henteu digunakeun dina pangajaran nulis laporan wungkul, tapi bisa digunakeun dina matéri pangajaran lianna.

